

# Kominyon

65-1212

**Tucson Tabernacle, Tucson, Arizona, U.S.A.**

1 Se yon mesaj enpresyonan ke Frè Pearry fenk ban nou nan Pawòl Bondye a. Konbyen se vre ke “Nou limite Bondye epi nou fikse yon tan bay Bondye; epi Li Etènèl, nou pa ka fè sa.” Kifè aswè a n ap fè fas a yon lòt bagay kounye a, se kominyon.

2 Diran twazan mwen te tann pou yon legliz rive tabli nan Tucson, men li la. Wi, nou—nou isit la. Kifè nou remèsyé Seyè a, Li jis kite nou tann jiskaske nou ka apresye li kounye a.

3 Kounye a, gen yon sèl bagay mwen ta vle di jis anvan nou kòmanse kominyon an, se sa a, ke mwen kwè ke nou te wè ase nan epòk nou an ke n ap viv ladann nan, pou ke nou ta dwe reyèlman remèt (chak) tout èt nou bay Bondye. Nou—nou ta dwe vrèman sèvi Bondye. Mwen

kwè ke Li beni nou ak repons dirèk nan Lekriti. Tankou Frè Pearry te di I sa gen kèk moman, ke nou—nou—nou nan moman sa a. Nou pa avèg, nou—nou—nou wè ke nou isit la, nou—nou rive la.

4 Epi nou menm tou nou ka gade toupatou epi wè ki jan lespri imen an ap kite moun yo, kidonk, nou—nou pa ka rete twò lontan ankò, nou ta nan yon azil pou moun fou nèt, kote lemonn antye ta ye. Ou wè? Kifè nou--nou nan tan lafen.

5 Kounye a, kòm Frè Pearry te fin di I la, nou wè bagay sa yo se laverite, nou wè yo se laverite, yo pa yon mit. Yo pa jis yon bagay ke nou imagine. Yo se yon bagay ke Pawòl Bondye a te ban nou dirèkteman epi ki te manifeste piblikman devan nou, ke nou konnen nou isit la. Nou—nou pa konnen pou konbyen tan kounye a, paske nou t ap tounen ankò gade nan yon mont, ou wè, ki lè li ye. Men, nou se...nou konnen nou—nou isit la, nou nan moman an. Si se dapre lè Bondye, mwen ta imagine...

6 Yon fwa, yon moun te fè yon ti analiz ki di ke si Bondye te sipòte l dapre sa...si Li ta dwe pataje tan an, mil--milan se jis yon jou. Kifè si yon nomm te viv jiska swasanndizan, se t ap jis kèk minit selon tan Bondye. Ou wè? Ebyen, li te di ke si se te karantan, sa pa t ap menm reprezante, apèn, tan pou L bat je L. Ou wè? Ou wè, se jis osi rapid ke sa ye, tout bagay la, si yo ta dwe pataje tan an; se ke, pou Li tan an pa egziste. Kifè Li senpleman Etènèl.

7 Mwen kwè se te Sara dèyè a la... oswa, non, se te Joseph, lòt swa a, ki te di m ak frè Pearry. Li te di: "Papa, ki kote, ki lè Bondye te vin sou sèn lan? Ki kote Li soti?" Ou wè? "Li te dwe gen yon kòmansman, pa vre? Èske Li pa te oblige kòmanse?"

8 Mwen di: ``Non. Nenpòt bagay ki gen yon kòmansman gen yon fen, men se sa ki pa gen yon kòmansman ki pa gen yon fen." Natirèlman, li gen dizan, sa se te yon jan yon--yon gwo mòso pou vale ak bouch li. Ou wè? E ki jan pou li te ka resevwa sa, pou konnen ke yon bagay pa

janm te kòmanse? Non sèlman pou li, se pou mwen. Koulye a, ou wè, se jis yon gwo gwo dòz pou mwen, ki jan li te janm kòmanse.

9 Kounye a n ap prepare pou nou obsève yon bagay isit la ki vrèman sakre.

10 Sa gen kèk jou, yo te rele m pou m al rankontre kèk kretyen de byen ki—ki pat janm pran sa, e li te tande yo di ke nou te konn pran kominyon literalman. Yomenm yo pran sa yo rele “kominyon espirityèl.” E, se ke, osi lwen ke *kominyon* konsène, mwen ta di se byen, paske *kominike* se "pale ak," ou wè. E frè a te ban mwen Ekriti sa a, li di: “Frè Branham, èske w pa panse kounye a...”

11 Kounye a, rezon ki fè m ap di sa a... Se kòrèk, Frè Pearry? [Frè Pearry Green reponn: “Se sèten.” — Editè a.] Ou wè, rezon ki fè m ap di sa a, se pou w ka konprann sa w ap fè a. Ou pa...si w antre nan nenpòt bagay avègleman, ou pa konnen ki kote, kisa w ap fè. Ou pa ka

menm gen konfyans si ou pa konnen sa w ap fè. Men ou dwe konprann sa w ap fè epi poukisa w ap fè l.

12 Li di: "Koulye a, si nou pran Pawòl Bondye a, èske se pa Bondye n ap pran?"

13 Mwen di: "Se vre wi, mesye, se vre. Men nou li isit la ke yo aktyèlman...Pòl te anseye sou repa literal Seyè a. Jezi di: 'Fè sa a pou chonje mwen. 'Depi tout fwa nou sonje M, nou fè konnen lanmò Seyè a jiskaske Li vini.'" Ou wè? Koulye a, nou dwe pran l.

14 Nou konprann ke Sen Pòl, ki te òdone li nan Legliz la, se te pwofèt Nuevo Testaman an. Pyè, Jak, Jan, yo tout, yo te ekri (ebyen, Matye, Mak, Lik) sa Jezi te fè, kòm eskrib. Men Pòl te mete bagay la nan lòd, se li ki te—se li ki te pwofèt Nuevo Testaman an. Menm jan Moyiz te ale nan dezè a pou l te resevwa enspirasyon pou l te ekri senk Liv yo—yo nan--nan...senk premye Liv nan Bib la, ebyen, Pòl te ale nan dezè a epi li te resevwa enspirasyon

nan men Bondye, pou l te mete Legliz Nouvo Testaman an nan lòd epi tipifye Li ak Ansyen an.

15 Anba la yo te gen ti ayo pou sakrifis la, ke Izrayèl te kenbe sa kòm yon memwa. Li te aktyèlman itilize yon sèl fwa, lè yo te soti nan peyi Lejip. Men apre sa, yo te kenbe sa kòm yon memwa tout atravè laj la. Ebyen, "si lalwa a se yon lonbraj bagay ki gen pou vini yo," ou wè.

16 Bon, mwen kwè ke *kominyon* (sa nou rele "kominyon," kounye a) se pou...se "soupe Seyè a".

17 Kounye a, nou genyen sèlman twa lòd Divin fizik ki rete pou nou: youn nan yo se—se kominyon; lave pye; batèm dlo. Se sèlman twa bagay sa yo. Sa se pèfeksyon an, nan twa a, ou wè. E se sèlman twa lòd nou genyen. Nou reyalize ke se sa ke Sen Pòl te etabli nan Nouvo Testaman an.

18 Kounye a, si nou ta di "kominyon an ta dwe jis pran Pawòl la," mwen pa kwè pèsonn gen dwa pou l pran soupe Seyè a jiskaske li pran Pawòl Seyè a nan kè l. Ou

wè? Paske mwen prale... Mwen pral li yon bagay pou ou nan kèk moman epi ou pral wè. Koulye a, remake. Alò, poukisa lè sa a nou ta—nou ta...

19 Sou menm baz la nou te kapab absoliman jistifye Lame di Sali. Yo pa kwè nan okenn fòm batèm dlo, yo di: "Nou pa bezwen I." Kounye a, si nou pa bezwen batèm dlo, poukisa nou batize? Yo di: "Dlo a pa ka sove w, se San an ki sove w."

20 Mwen pral dakò ak sa. Sa se—sa se vre, se San an ki sove w, pa dlo a. Men, nou *dwe* pran dlo a kòm yon manifestasyon sou deyò pou montre ke gras la te fè yon travay sou anndan. Ou wè? Se konsa nou dwe fè pou kominyon an!

21 Lè nou te aksepte Seyè a, Sakrifis nou an, nan nou, kòm yon kesyon de Nesans espirityèl nan nou, ak Kò Li a, nou viv pa Li pa Pawòl la, noumenm tou nou ta dwe senbolize li paske se yon kòmandman. "Repanti, chak

nan nou epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo."

22 Pòl te di: "Mwen te resevwa nan men Seyè a sa m te anseye nou tou a, 'Se Seyè Jezi a menm jou lannwit sa a kote yo te trayi L la te pran pen, Li kase I, Li bay disip yo, epi—epi Li di: "Pran, manje, fè sa pou sonje Mwen." Paske chak fwa nou pran pen sa a, nou fè konnen lanmò Li jiskaske Li vini." Kounye a, nou jwenn ke, nan sa, yo te gen moun ki te vini ak...

23 Presye frè sa a, yon trè chè frè, li te vini e li te di: "Mwen pa janm—mwen pa t janm pran I, Frè Branham, mwen pa konprann sa li ye." Li te di: "Yo te anseye m lòt ide a."

24 Mwen di: "Men sonje, nou pral admèt ke Sen Pòl te mete lòd nan premye Legliz Kretyen an. Yo te ale de legliz...de kay an kay, yo te kase pen an ak senplisite kè yo, elatriye. Bon," mwen di, "li te etabli sa nan Legliz la. Galat 1:8, li te di, 'Si yon zanj ki soti nan Syèl la vini epi li

di yon lòt bagay, madichon pou li,' nou wè, nou wè, li menm ki te fè yo rebatize ankò apre batèm Jan an, pou yo te batize. nan Non Jezikri."

25 Ou wè, gen twa bagay nou dwe—twa bagay nou dwe fè kòm senbòl: Soupe Seyè a, lave pye, batèm dlo. Ou wè? Gen...

26 Ou di: "Ebyen, la..." Kounye a, Lame di Sali apwiye sou pwen sa a, "Vòlè ki t ap mouri a, lè li te mouri, li pa t batize, men Jezi te di li t ap nan Syèl la." Sa a se egzakteman laverite. Se egzak. Men, ou wè, li—li—li te rekonèt Jezi sèlman nan lè li t ap mouri a. Ou wè? Sa se sèl—sa se sèl opòtinite li te genyen. Li—li te yon vòlè, li te elwaye, li te deyò. Epi limenm, osito ke li te wè Limyè sa a, li te rekonèt Li, "Seyè, sonje mwen!" Epi Jezi... Se te vre.

27 Men pou ou menm avè m ki konnen ke nou ta dwe batize, epi nou refize fè sa, lè sa a se pral ant ou menm ak Bondye. Menm bagay nan kominyon an!

28 Kounye a, lè nou pran kominyon sa a, se pa sèlman bagay ki di: “M ap monte isit la epi m pral manje pen, e m ap kwè mwen se yon Kretyen.” Men, si w te remake, Bib la di: “Moun ki manje e ki bwè *san li pa diy*, I ap koupab de San an ak Kò Seyè a.” Ou wè? Ou dwe viv yon vi ki—ki...devan pèp la, sa...e devan Bondye ak pèp la, ki montre ke ou—ke ou sensè.

29 Kounye a, jis yon ti moman ankò. Kounye a, nan Ansyen Testaman an lè sakrifis la te fèt yon—yon Iwa oswa yon òdonans. Epi konsa batèm dlo se yon òdonans; se konsa lave pye se yon òdonans; Se konsa soupe Seyè a se yon òdonans. “Benediksyon pou moun ki fè tout òdonans Li yo, ki obeyi tout Iwa Li yo, tout kòmandman Li yo, pou I ka gen dwa antre nan Pyebwa Lavi a.”

30 Kounye a, remake sa a kounye a, la, ke nan konmansman, lè premye fwa se te yon òdonans Bondye pou pote yon sakrifis nan legliz la, ak nan tanp lan ak lotèl la, epi ofri kado w, epi—epi pou peche w yo, sakrifis yon

ayo. Ebyen, mwen ka imajine wè kèk frè Jwif k ap vini sou wout la, li konnen li te koupab, epi li t ale sou lotèl la; oswa pote towo bèf gra li a, osinon yon towo bèf, osinon tou sa li te genyen, osinon yon belye, yon ayo, yon bagay. Li te mennen I sou wout la, li te vin osi sensè ke li te kapab, li te monte la, li te kenbe òdonans Bondye osi sensè ke li te kapab.

31 Apre sa, li poze men I sou li, li konfese peche I yo, epi prêt la mete sa (peche I yo) sou ayo a, epi yo koupe gòj ayo a, epi--epi li mouri pou li. Pandan I te kouche la, ti ayo a ap bay kout pye epi I ap senyen, men I te plen san, epi li t ap vole sou tout kò I (ti ayo a blayi, I ap mouri), li t ap reyalize ke li te fè peche e yon bagay te oblige mouri nan plas li. Se poutèt sa, li te ofri lanmò ayo sa a pou lanmò li. Ou wè, ayo a te mouri nan plas li. Lè sa a nonm lan fè sa ak senserite, ak pwofondè kè I.

32 Finalman, li te ale ankò e ankò, li te kontinye ale sou ale jiskaske finalman li te tounen yon tradisyon.

Kòmandman Bondye te vin tounen yon tradisyon pou moun yo. Epi men li ki vini : "Ebyen, ann wè, sa se *tèl jou* jodi a, petèt mwen ta fè mye desann. Wi, pito m ofri yon—yon towo bèf." Li te desann: "Ebyen, Seyè, men towo bèf mwen an." Ou wè, pa gen senserite nan sa, pa gen okenn konpreyansyon ladann.

33 Kounye a, nou pa vle pran kominyon konsa. Se menm bagay la ki rive lè nou vini sou tab Seyè a.

34 Ezayi 35...Non, mwen mande w padon. Ezayi 60...Kite m repran sa. Mwen—mwen—mwen kwè se Ezayi 28, se kote nou jwenn sa a. Mwen ase sèten se bon chapit la. Li di: "Presèp dwe sou presèp; epi règ sou règ sou règ; yon ti kras isit yon ti kras la. Kenbe fèm sa ki bon. M ap pale ak pèp sa a ak bouch k ap bege, ak lòt lang. Epi sa se Repo a."

35 Li di: "Tout tab Seyè a vin ranpli ak vonmi. Ki moun Mwen ka anseye Doktrin? Ki moun Mwen ka fè konprann?" Ou wè? Mwen panse ke se te bon Lekriti a,

Ezayi 28. "Ki moun Mwen ka fè konprann Doktrin?" Ou wè, "tab yo."

36 Koulye a, jodi a, nou dekouvri gwo bagay sa a ke n ap prepare pou fè aswè a, nan komemorasyon lanmò Li ak Kò Li ke nou kwè ke nou manje chak jou, oswa, nou fenk sot manje pandan frè nou an t ap preche nou. Antan nou pran Pawòl Bondye a, nou kwè Li ak tout kè nou. Nou wè Li manifeste; nou wè Li te bay a noumenm; nou wè Li konfime; nou santi L nan lavi nou. E nou dwe rive nan sa a ak yon konsyans pwofon sou sa n ap fè a, pa sèlman paske se yon lòd.

37 Ou antre nan yon legliz, e anpil fwa yo bay yon vye biswit soda oswa yon kalite de—de bagay, ke yo kraze an mòso, yon pen leje oswa—oswa yon bagay konsa, epi—epi yo kraze l an mòso; ak moun ki fimen, bwè, tout lòt bagay, paske yo se manm legliz la, yo vin pran soupe Seyè a. Ebyen, sa se salte devan Bondye!

38 Menm pou sakrifis la, Li di: "Jou fèt nou yo ak sakrifis nou an tounen yon move odè nan nen Mwen." Poutan, Li te òdone yo pou yo fè sakrifis sa a. Men fason yo te trete I la, li te vin tounen yon move odè, ki te santi nan nen Li (narin Li), sakrifis la menm ke Li te òdone a.

39 Se konsa nou pran Pawòl Bondye a, twòp Kretyen jodi a (swadizan yo) fè sa. Nou kanpe isit la epi anseye Pawòl sa a, epi nou di: "Jezikri pa menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan," epi nou anseye bagay Li te pwomèt nou ke Li t ap onore, epi nou di: "O, ebyen, sa se te pou yon lòt bagay," adorasyon solanèl nou yo jis vin tounen yon move odè nan nen Li. Li p ap resevwa li, pa gen okenn fason. Se pou rezon sa, abitid tradisyonèl nou yo!

40 Nou pa pran soupe Seyè a dapre yon tradisyon. Nou pran I paske se lanmou Bondye ki nan kè nou, nan kenbe kòmandman Bondye yo. Ou wè, se pou sa nou pran I.

41 Kidonk, si w pa pran sa ak senserite, se sèlman yon tradisyon : "Ebyen, legliz nou an pran kominyon yon fwa

chak dimanch, oswa yon fwa chak mwa, oswa de fwa pa ane,” epi ou avanse la, ou di : “Ebyen, se tou pa m,” epi—epi answit ou pran kominyon an, franchman, se yon move odè devan Bondye! Ou wè, sa se jis yon tradisyon.

42 Se menm jan pou nenpòt lòt bagay, ou dwe sensè. Bondye vle pwofondè kè w. Sonje, Bondye menm ki mennen w isit la sou tè a se Li menm w ap sèvi a. Ou wè?

43 W ap fè sa paske Li te di sa, paske se lòd Li. Alò nou vle vini ak pwofondè senserite, antan nou konnen ke se gras a Bondye ke nou te sove. Epi nou—nou renmen Li e nou te santi Prezans Li, epi nou—nou wè Li chanje lavi nou. Tout èt nou—nou chanje. Nou—nou—nou se moun diferan. Nou pa viv tankou nou te konn fè, nou pa panse tankou nou te konn fè.

44 Se tankou nan Liv ki isit la, ak kote egzak nou t ap pale a, de Liv yo—yo ki se Youn, Liv Lavi a. Premye Liv lavi ki te vini an, se lè ou te fèt, se te nesans natirèl ou. Ou wè? Men alò yon fwa, retounen jouk dèyè a la, te gen yon ti

grenn Lavi kòm mwen t ap eksplike kèk nan jèn sè yo lakay la jou apremidi sa. Ou wè, gen yon ti gress Lavi ki kouche la, alò w ap mande tèt ou: "Kote l soti? Ki—ki bagay etranj sa yo?"

45 Se sa m t ap di, antan m t ap pran tèt mwen kòm egzanp, se kòm si yo te di: "William Branham, ebyen, sa gen karant lane pase, William Branham lan, se pa menm bagay la aswè a." Si yon moun nan epòk sa a ta di: "William Branham, li te yon voryen," ou wè, paske se Charles ak Ella Branham ki te fè m. Nan nati yo mwen te yon pechè, mwen te vini nan mond lan, yon mantè, epi tout abitid mond lan te fin layite drèt nan mwen. Men anba a la, tou, te gen yon lòt Nati ki te prezan, ou wè, predestine, ke Bondye te mete la. Nan menm kò sa a, ou wè, te gen de nati ladann.

46 Ebyen, mwen te konn okipe m de yon sèl. Amezi ke li t ap grandi, mwen te konn gazouye tankou yon ti bebe : "Dada." Premye bagay ou konnen, mwen vin yon mantè,

mwen vin tout lòt bagay ke yon pechè ka ye, paske mwen grandi konsa. Men anba a la, te gen yon ti kras Lavi, pandan tout tan sa.

47 Mwen te konn sonje, epòk m te yon ti gason...(mwen espere m pa kenbe nou twò lontan. Men m konnen...) Antan m chita la nan...sou-sou bò ti rivyè a, e m te konn chita la epi m te konn voye je m gade toutotou pandan nwit lan. Papa m ak manman m, yo pati kounye a al pran repo yo. E nan epòk sa yo, yo te pechè, pat gen sa k rele kretyen nan kay la ditou. E, o la la, tafya, fèt, move konpòtman; sa te rann mwen malad, m te konn pran lantèn mwen ak chen mwen an epi nou pati al nan bwa yo, pou n rete la tout nwit lan. Nan tan livè, mwen te konn al chase jouk fèt la fini, petèt jouk douvan jou nan maten. Lè m vi lakay mwen, si sa pat fini, m te konn blayi kò m sou tèt yon anga epi m dòmi, antan m ap tann li fè jou.

48 Answit m ta panse a kijan nan epòk sa yo, alò ke m te deyò a pandan lete, pran baton m yo epi fè yon ti abri

avèk yo, dekwa pou si lapli tonbe; kouche la epi kite pwent baton yo plonje nan dlo a, ap peche, vye chyen de chas mwen an kouche atè a. M te di, “Gade isit la. Ou konnen, livè pase m te fè kan isit la yon lanwit, m te limen yon dife isit la pandan ke m t ap ret tann ke vye chen m al nan yon pyebwa , e m te fè yon dife isit la. Sòl la te jele jiska 5 santimèt pwofondè. Men, ti pye flè, ki kote w soti?” Wè? “Ebyen, e ki kote w soti? Kiyès ki vini isit la pou plante w? E nan ki jaden chofe yo retire w? Oubyen-oubyen kisa li ye, ki kote w soti?” Wè? Ti flè sa, m te di, “Poukisa, li te konjele, e tou, e m te limen yon dife sou anwo isit la. An depi de faktè konjelasyon an, te gen yon faktè chalè ki te poze la sou yon gwo moso bwa kote m te boule w. E malgre sa w isit la, e ou an vi. Ki kote w soti?

49 Kisa sa te ye? Te gen yon lòt William Branham. Wè? Yon ti etensèl Lavi Etènèl nan fon isit la, soti nan-nan-nan jèn Bondye yo, Pawòl Bondye a ki te plase anndan la. Chak gress pami nou kab panse a anpil bagay konsa tou. Wè, Li t ap travay.

50 Aprè sa m gade anlè nan pyebya yo, e m panse, “Fèy, m te wè w tonbe lane pase, e poukisa w tounen la ankò? Ki kote w soti? Kisa ki te pote w la?” Wè, Se te Lavi etènèl sa ki t ap travay nan kò a.

51 Bon, aprè yon jou pandan ke m t ap mache, Vwa sa t ap pale, “Pa janm fimen, bwè, elatriye.” E jèn

konpanyon yo e lòt yo vyeyi. Wè, te gen yon Bagay ki t ap bouje.

52 Men toudenkou m te gade anlè, e m te di,  
“M pa ptit Charles ak Ella Branham. Gen yon Bagay k ap rele m.” Menm jan ak ti èg mwen an, “m pa yon poul. Gen yon Bagay anlè a, kèkpa. O Gran Jewova, Pe Enpòt kiyès Ou ye, ouvri! M vle rantre lakay. Gen yon Bagay nan mwen, k ap rele.”

53 Answit m te ne de novo. Ti Lavi Sa te kouche la, dlo lavi a te vèse sou Li, answit Li te kòmanse grandi. Bon, ansyen vi sa te padone, te plase nan lanmè oubli Bondye a, li pa p janm raple a mwen ankò. Wè? Kounye a nou kanpe jistifye ( kòm si nou pa t janm peche) nan Prezans Bondye.

54 Answit lè nou vini sou tab Senyè a, nou dwe vini ak reverans, lanmou e respè, pou “Gade kote nou t ap ye si se pa t pou Li.” Wè? Gade kote li t ap ye...

55 Kidonk, Paul, M panse, te di sa, “Ensi, lè n vini ansanm pou manje, tann youn pou lòt.” Sa se, nan lòt mo, jis tann kèlke minit, priye, egzamine tèt ou. E si w konnen yon frè anndan an, sou pwen pou fè yon bagay ki mal, oubyen yon bagay, donk priye pou li, tou. Wè? Wè, “Tann youn lòt,” tann jis yon minit, priye. Si gen nenpòt ki gen vye santiman ant nou menm oubyen kèk bagay, pa-pa fè l-pa fè l, al met lòd nan sa, an premye. Wè? Ale rektifye sa, premyèman, paske nou vle vini isit

la jis osi pi ke nou kapab ye, e aprè nou vini nan fratènité otou tab Senyè a. Wè?

56 E nou fè sa paske n ap ofri remèsiman a Li, nan mitan youn ak lòt. Manje pen an pamí youn ak lòt, bwè diven an pamí youn ak lòt, tankou San Li ak Chè Li.

57 “Eksepte si w maje Chè Fis de lòm nan epi bwè San Li, ou pa gen Lavi nan ou.” Wè? Ou wè, se sa Bib la te di. Eksepte si w fè sa, pa gen Lavi. Ou wè? Answit ou se, plizoumwen, sa montre ke w wont pou idantifye w antanke kreyen, akoz de lavi ke w viv. E answit sa se vrè eprèv de fòs la. Answit si w pa fè sa, ou pa gen Lavi. Si w fè sa endiyman, ou koupab de Kò Senyè a.

58 Menm bagay pou batèm dlo. Si nou di, “Nou kwè nan Jezikri, Li sove nou de peche, e nou batize nan Non Jezikri,” poukisa, nou pote-nou pote disgras sou Li, nou fè bagay ki mal e nou-nou pral peye pou sa. E yon lòt bagay, lè nou fè sa, n ap eseye profese yon bagay epi fè yon lòt.

59 Sa se pwoblèm avèk nou jodi a. Kisa m panse...M di “nou,” mwen, e devan legliz la ke Senyè Bondye a te kite m pale nan dènyè lè sa yo, nou kwè nou nan fen tan an. Nou kwè ke Bondye te ban nou yon Mesaj. Li te òdone pa Bondye, Li te pwouve pa Bondye, Li te montre Bondye. Kounye a nou dwe vini a Li ak reverans e ak lanmou, e ak-ak pwòpte nan kè ak lespri ak nanm nou.

60 Ou konnen, lè a ap rive byen vit kote–kote dirèk nan mitan nou pral gen... Sentespri a pral pale tankou L te fè nan ka Ananias ak Saphira. Sonje, wè, lè sa ap rive. Wè? E nou se... Kounye a, ou jis raple w sa, wè, ke Bondye pral abite nan pèp Li a. Se sa I vle fè kounye a.

61 Nou kapab resevwa Mesaj la, tankou m ta... Si m te yon jèn gason e–e m t ap chache yon madanm, e m ka jwenn yon madanm, m te di, "Li jis pafè. Li se yon Kretyèn. Li se yon dam. Li se tout sa, m gen konfyans." Pe enpòt ki kantite konfyans, konbyen m panse I de byen, m dwe resevwa I, li dwe resevwa m; wè, sou ve sa yo.

62 Ebyen, se menm bagay nou trouve nan Mesaj la. Nou wè L korèk. Nou wè Bondye konfime L korèk. Li pafètman kòrèk. Ane aprè ane, ane aprè ane, Li kontinye kòrèk. Tout bagay Li di, rive jis egzakteman nan fason L te di a. Kounye a, nou konnen L kòrèk, men, wè, pa fè I yon fason entèlektyèl. Si w fè sa, ou gen yon reliyon dezyèm men. Wè? Nou pa vle yon reliyon dezyèm men, yon bagay ke kèk lòt moun te eksperimente I e n ap viv sou–sou temwanyaj yo.

63 Menm jan m kwè se te jezi ki te di Pilat, yon bagay, yon pawòl m t ap panse, e m te di la kèk tan pase, "Kiyès ki te di w sa?" Oubyen, "Èske sa te revele a ou menm? Kijan w fè konn bagay sa yo?" nan lòt mo. M pa sonje kisa pawòl la ye kounye a, sa fè yon ti bout tan depi ke m te li I, men, "Kijan w fè–kijan w fè konn sa?

Kisa? Kijan? Kiyès ki revele sa a oumenm?” A pwopo de Li se Pitit Bondye a. “Kiyès ki te revele I a oumenm? Èske yon moun te di w sa? Oubyen,” jan Jezi te di a, “se Papa M ki nan Syèl la ki te revele I ba ou?” Wè? Wè? “Kijan w te fè aprann li, yon dezyèm men oubyen I se revelasyon pafèt de Bondye?”

64 Èske kominyon sa se jis yon bagay m ale ladan I, de fason, di, “Ebyen, tout rès moun yo pran sa, M prale tou”? Se yon revelasyon ke m fè pati de Li e m fè pati de ou, e m renmen w e m renmen L, e n ap pran sa ansanm antanke senbòl de lanmou nou pou Bondye, e lanmou nou ak fatrènite nou youn ak lòt.

65 Kounye a m vle li kèk pasaj nan Ekriti a. E m sipoze...Kote w fè...pe enpòt fason Frè Pearry vle jodi a. M vle w li I avèk mwen, si w gen Bib ou. Premye Korentyen, chapit 11 lan, e kòmanse nan vèsè 23 a.

66 Epi tou, nan tabènak nou an, nou toujou obsève sa e lavman dè pye, toujou, paske yo ale men nan men ansanm. M kwè frè a te anonse sa “mèkredi swa” akoz de foul la e w pa gen ase de...plas pou mete moun yo pou lavman dè pye, yo pral obsève–obsève sa mèkredi swa.

67 Bon, vèsè 23, chapit 11, nan Premye Korentyen, koute Paul kounye a. Kounye a sonje, e gade sa nan lespri nou, Galasyen 1 :8, “Si nou oubyen yon zanj soti nan syèl preche nenpòt lòt levanjil ba ou,” (ke Levanjil sa ke I te preche a) “ke I modi.” Wè ?

*Paske m te resevwa de Senyè a sa ke m te  
ansenye w , Se ke Senyè Jezi a menm nwit ke L te  
livre a te pran pen :*

*E aprè ke l te rann gras, li te ronp li...te di, pran epi  
manje : sa se kò m, ki livre pou ou : fè sa an souvni de  
mwen.*

68 Kounye a, kite m jis kanpe isit la, pou di; men pran kò Senyè Jezi Kris la nan kominyon sa, pa vle di ke kominyon sa se kò *literal* de Kris. Sa se Katolik. M pa kwè ke sa kòrèk. M kwè se sèlman yon òdonans ke Bondye te fè ak nou, wè, li pa kò aktyèl la. Li se...Bon, se vrèman yon ti moso pen kosher. Se jis yon òdonans.

69 Non plis m pa kwè ke batèm Jezikri (nan Non Jezikri a) nan dlo padone peche w yo. M pa kwè ke w...M kwè w kab batize tout jounen...Bon, m konnen ke gen petèt moun ki chita isit la ki soti nan legliz Aposolik, m vle di, oubyen legliz Pannkotis ini, kote ke yo ansenye sa. Men, ou wè, m-m pa kwè ke se dlo a ki padone peche w yo. Oubyen, si se te sa, alò Jezi te mouri an ven. Wè? M kwè ke se sèlman yon òdonans Bondye, wè, pou montre ke w te padone. Men pou batize pou rejenerasyon, non, m-m-m pa kwè sa. M pa kwè ke dlo padone peche yo.

70 Non pli m pa kwè ke pen ak diven sa gen anyen pou wè avèk ou, sèlman kenbe yon òdonans ke Bondye te òdone pou nou fè. Wè? Se sa. M kwè batèm dlo se menm bagay la. M kwè li obligatwa pou nou fè l, ke L te

fè tou sa kòm egzant pou nou. E L te fè sa kòm egzant pou nou. E L te lave pye kòm egzant pou nou.

71 Kounye a, “De mèm fason an tou,” vèsè 25 lan:

*De mèm fason an li te pran koup la, e aprè li te soupe, dizan, Koup sa se nouvèl alyans de san mwen : fè sa, chak fwa ke w va bwè l, an souvni de mwen.*

*De mèm...(Sonje kounye a!)...De mèm lè w ap manje pen sa, e bwè koup sa, w ap anonse lanmò Senyè a, jiskaske l vini. (Konbyen tan? “Jouktan L vini! Wè? Wè?)*

*Se pou tèt sa kikonk va manje pen sa, e bwè koup Senyè sa, endiyman, va koupab envè kò ak san Senyè a.*

72 Kite m kanpe jis yon minit. Rezon l te di sa, ou remake nan lòt vèsè isit la, lòt chapit, ke l te di, “M konprann le w-lè w vin ansanm w ap manje, ou menm rive sou nan soupe Senyè a.” Yo mal konprann li, ou wè. Yo jis fè saf ladan l, wè. Jis tankou moun ap fè l jodi a, jis viv nenpòt ki vi epi pran l. Wè? Li te di, “Ou gen kay ou pou manje, wè. Men, sa se yon òdonans ke w dwe kenbe, wè.” Kounye a :

*Men ke chak moun egzamine tèt li, e donk kite l manje nan pen an, e bwè nan koup la.*

*Paske sila ki manje e bwè endiyman, manje bwè kondanasyon kont li menm, san disène kò Senyè a.*  
*(Wè?)*

73 Kisa w ye? Ou se yon Kretyen, ou viv devan tout moun tankou yon Kretyen. E si w pran sa e w pa viv tankou yon Kretyen, ou pa disène Kò Senyè a. W ap mete yon pyè dachopman sou wout yon lòt moun, wè, pandan ke yo wè w ap eseye fè sa e answit pa disène Kò Senyè a. Kounye a gade sa l...sa malediksyon an ye :

*Pou sa gen anpil fèb ak malad pam i nou, e anpil ap dòmi.* (Vrè tradikyon mo sa se, Frè Pearry, se “mouri.” Wè? Wè, “anpil mouri.”)

*Paske si nou—paske si nou ta jije tèt nou, yo pa p jije nou.* (Wè, si nou jije tèt nou yo pa p jije nou. Wè?)

*Men lè yo jije nou, Senyè a chatye nou, afen ke nou pa kondane ak mond lan.* (Wè, okenn atachman ak mond lan.)

*E si yon moun grangou, ke I manje lakay li, afen ke n pa vin ansanm nan kondanasyon. E rès la m ap òdone I lè m vini.* (Wè)

74 Bon, nan lòt mo, pa jis vini pou pran I tankou yon...Jan m te di I kèk tan pase, sou sa jwif yo, sakrifis yo a, yo...Se te mèvèye, li te ofri pa Bondye, men li te rive nan yon plas kote yo pa t fè I nan senserite ak

reverans, nan lòd, answit li te devni jis yon...li te devni yon–yon move odè nan nen L.

75 Bon, menm bagay la tou lè nou vini pou pran soupe Senyè a, ke, nou dwe vini konesan sa ke n ap fè. Menm jan lè w ale nan dlo pou w te batize nan Non Jezikri, ou konnen kisa w ap fè, w ap mete sou legliz la sa ke Bondye te mete nan ou, Kris.

76 Lè w pran sa. Li montre a legliz la, ke, “M kwè chak Pawòl Bondye. M kwè ke Li se Pen Lavi ki vini de Bondye nan Syèl. M kwè chak Pawòl ke L di se Laverite. E m viv pa Li, nan mèyè kapasite m, Bondye se Jij mwen. Kidonk, devan frè m yo, devan sè m yo...M–m pa jire, m pa modi, m pa fè bagay sa yo, paske m renmen Senyè a, e Senyè a konnen I e L apiye sa m di a. Kidonk, devan w, m pran moso kò L, pou konnen ke m pa kondane avèk mond lan.” Wè, men li, aprè se yon benediksyon.

77 E sonje, M te kab bay anpil temwanyaj sou sa, kote m te pran sa e eksplike I nan yon chanm malad, e wè yo geri.

78 Sonje, lè Israel te pran tip de sa, yo te sejoune karantan nan dezè a e rad sou yo pa t janm ize, e yo te soti san yon sèl moun fèb pamì yo, avèk de milyon moun tankou yon tip de sa. Ebyen, kisa Antitip la pral fè? Si kò yon animal sakrifisyèl te fè sa pou yo, kisa Kò jezikri, Emayèl, ta fè pou nou? Ann jis gen reverans lè nou vini. Ann jis osi reveran ke nou kapab, lè nou vini.

